



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI SINIFIKATIF POU ELAJI AKSÈ AK GADRI ABÒDAB NAN TOUT ETA A NAN KAD BIDJIÈ POU ANE FISKAL 2024 LA

Elaji Kredi pou Timoun Empire State la pou timoun ki poko gen kat ane, pou sipòte prèske 630,000 lòt timoun

Kreye nouveau Pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv 500 milyon dola ak sipòte mendèv gadri a

Etabli Pwogram Pilòt Swen ke Anplwayè Patwone pou ankouraje anplwayè New York yo bay aksè ak gadri abòdab pou pitit travayè pa yo

Ogmante limit elijiblité pou gadri a ak limite pri gadri pou fanmi ki nan Pwogram Asistans Gadri a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi enpòtan pou elaji aksè ak gadri abòdab, envesti nan mendèv gadri Eta New York la epi sipòte fanmi k ap travay yo nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Bidjè a ogmante Kredi Enpo pou Timoun Empire State (Empire State Child Tax Credit, ESCC) pou timoun ki poko gen kat ane; ogmante Pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv (Workforce Retention Grant Program) la ak yon envertisman 500 milyon dola pou sipòte apeprè 250,000 moun k ap bay swen; kreye nouveau Pwogram Pilòt Swen ke Anplwayè Patwone (Employer Sponsored Care Pilot Program) nan New York la pou ede travayè yo jwenn gadri abòdab atravè anplwayè yo; epi ogmante plafon ak limit elijiblité sou depans gadri pou ede plis fanmi New York jwenn aksè ak asistans gadri. Ansanm, envertisman sa yo reflete angajman kontinyèl Gouvènè a pou ede timoun New York yo nan bay fanmi yo sipò ak sèvis yo bezwen pou jwenn aksè ak gadri.

"Antanke yon moun ki te oblige mete karyè yo sou poz akòz yon mank opsyon gadri abòdab, mwen konprann ki jan sekou sa a enpòtan pou fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan moman pik pandemi an, paran yo ak moun k ap bay swen yo te oblige kite travay yo akoz yon mank opsyon gadri abòdab epi anpil moun pa te retounen nan travay depi lè a, ak fanm yo ki te kite mendèv la nan yon pouvantaj ki wo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Envertisman istorik sa a pral ankouraje biznis yo atravè eta a pou sipòte pi plis fanmi chak jou yo, bay paran k ap travay yo ak moun k ap bay swen yon

soulajman ke yo trè byen akeyi, epi ankouraje rekritman ak retansyon pou moun ki nan karyè gadri oswa ki enterese nan karyè gadri yo."

Ogmante soulajman taks pou paran ak moun kap bay swen yo

Bidjè Ane Fiskal 2024 la envesti nan fanmi New York yo nan elaji KreDi pou Timoun Empire State (ESCC) la pou enkli timoun ki poko gen kat ane yo. Agrandisman sa a pral bay 179 milyon dola nan sipò total pou plis pase 525,000 kontribyab ki nan nivi revni fèb ak mwayen gras ak enklizyon prèske 630,000 timoun adisyonèl. ESCC a, ki te eskli timoun ki poko gen kat ane depi kòmansman li an 2006, pral kounye a bay yon benefis an mwayèn adisyonèl ki se 340 dola pou chak kontribyab ki afekte ak 284 dola pou chak timoun ki fèk enkli.

Sipòte mendèv gadri New York la

Bidjè a itilize tou 500 milyon dola nan fon federal ki pa itilize ase yo pou kreye yon Pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv Eta a pou sipòte mendèv gadri nan New York. Finansman an pral distribye atravè yon Pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv ki pral benefisyé yon estimasyon 250,000 moun k ap bay swen. Fon yo atribye pou Pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv la pral bay bonis pou anplwaye ki egziste déjà yo ak finansman pou estrateji rekritman, ki gen ladan bonis pou enskripsyon pou nouvo anplwaye yo ak lòt depans ki gen rapò ak li.

Pilote Gadri ke Anplwayè Patwone pou travayè New York yo

Kòm yon pati nan yon envestisman istorik nan fanmi ak gadri, Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan tou yon envestisman Timoun Patw4.8 milyon dola nan yon nouvo Pwogram Pilòt Gadri ke Anplwayè Patwone. Anplwayè k ap patisipe yo, eta ak anplwaye yo pral divize pri gadri pou timoun yo. Fanmi yo dwe tonbe ant 85 poustan ak 100 poustan nan revni medyàn eta a pou yo kalifye. Pilòt la pral fonksyone nan twa rejon separe atravè eta a, ak [Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi \(Office of Children and Family Services, OCFS\) Eta New York la](#) k ap pibliye plis detay sou pwogram pilòt sa a nan yon dat pita. Anplis de sa, yo te atribye 1 milyon dola pou kreye yon pwogram navigatè biznis nan tout eta a pou ede biznis ki entèrese yo sipòte davantaj bezwen gadri anplwaye yo.

Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te etabli yon nouvo kredi enpo Eta ki disponib pou biznis ki kreye nouvo plas pou gadri epi ogmante opsyon gadri ki egziste déjà pou travayè pa yo. Kredi 25 milyon dola pa ane sa a pral administre pandan dezan atravè [Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York](#) (New York State Department of Taxation and Finance, DTF) ak OCFS, avèk nouvo kredi pou kreyasyon ak ekspansyon gadri a ke yo rele 'Kredi Enpo pou Gadri Anplwayè a.' Lòt syèj pou gadri yo nesesè pou ede paran ak moun k ap bay swen yo re-entegre nan mendèv la, abòde mank travayè eta a epi pèmèt anplwaye yo travay yon fason efikas nan tout Eta New York.

Ogmante elijibilite pou asistans qadri

Bidjè Ane Fiskal 2024 la pral bay 7.6 milya dola sou kat ane epi elaji plis elijiblite pou Pwogram Asistans Gadri a nan ogmante limit revni an nan nivo maksimòm lwa federal la pèmèt, soti nan 300 poustan nan nivo povrete federal la (oswa 83,250 dola pou yon

fanmi ki gen kat moun) rive 85 pouasan revni mwayen eta a (oswa 93,200 dola pou yon fanmi ki gen kat moun), pou ede plis pase 100,000 lòt fanmi New York. Fanmi k ap patisipe nan Pwogram Asistans Gadri yo pral wè tou depans gadri yo limite a 1 pouasan nan revni total fanmi an pi wo pase liy povrete a. Eta a pral ogmante kantite absans akseptab chak ane soti 24 a 80 nan yon efò pou estandatize kalifikasyon pou asistans gadri nan distri lokal yo.

Ajanda gadri Gouvènè Hochul la

Envestisman Bidjè Ane Fiskal 2024 Gouvènè Hochul la apiye sou long ekspryans li genyen nan fè gadri vin pi jis, pi aksesib, ak pi bon mache nan Eta New York. Kòm Gouvènè Adjwen, Gouvènè Hochul te ko-prezide Gwooup Travay sou Disponibilite Gadri nan eta a, la, ki te konsentre sou devlope solisyon ki pral amelyore aksè nan gadri bon kalite ak bon mache nan New York. Epi kòm Gouvènè, li te travay pou revize sistèm gadri a epi fè envestisman istorik, inik. Envestisman sa yo gen ladan:

- Yon angajman pou katran, ki evalye a **7.6 milya** dola pou amelyore pwogram asistans gadri a.
- Kreye yon aplikasyon elektwonik pou asistans gadri nan tout eta a.
- Rasyonalize pwosesis aplikasyon an pou moun ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), Medicaid ak Pwogram Nitrisyon Siplemantè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children, WIC)
- Ankouraje konstriksyon òf nan favorize aplikasyon pou Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba li yo ki entegre espas etablisman gadri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)